Nomer 47 | Salasa 18 Mei 1926 (6 Hapit 1344) | Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/10 katja f 2,— } Sakali moeat
1/20 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Hal ngangkat, ngalepas djeung ngagadjih Pamarentah desa.

Kandjeng Bopati Garoet geus ngintoenan rarantjang palanggeran pikeun nangtoekeun reana angkatan, ngalepas djeung kaoentoengan noe djadi pamarentah desa di kaboepaten Garoet ka Commissie van onderzoek. Djoeragan Moh. Enoh, hidji elid tina ieu raad masihan timbangan sareng voorstel-voorstel kira kira saperti di handap ieu:

Noeroetkeun Stbl. 1917 no. 738 art 1. oerang priboemi noe teu atjan sampe oemoer teh anoe tatjan djedjeg 21 taoen atawa noe tatjan kawin samemehna. Djadi nangtoekeun wates oemoer 25 taoen teh, pikeun djadi loerah geseh djeung Stbl. noe kaseboet di loehoer, oge ieu teh ngoetik-ngoetik kana hakna oerang desa. Reana elid pamarentah desa sabisa bisa koedoe ngoerangan. Ngalepas atawa ngabenoem elid pamarentah desa teh koedoe babadamian heula djeung noe boga hak milih sarta djeung noe djadi loerahna. Kapala district anoe ngoeatkeun (bekrachtigen) ieu poetoesan. Dadasar noe koedoe dipake, dina djeroning ngadjalankeun decentralisatie teh, perloe pisan koedoe „democratisch". Koe lantaran ieu barang tangtoe, noe boga hak milih teh, koedoe bisa nembongkeun kahajangna. Koe gerewelna mere oeroenan pikeun ngagadjih oge, teu geseh deui manehna teh koedoe boga hak miloe moetoes hal ieu. Ari tina hak miloe milih loerah mah geus doemook aja dina Stbl. 1878 no. 47. Nangtoekeun lid pamarentah desa koe kapala district woengkoel mah, noe baroga hak milih teu pipiloeeun pisan, geus lain ajeuna pidjamaneunana, waktoe decentralisatie Reg. Raad teh tina hal ieu oelah nendjo noe katoekang-toekang, tapi koedoe awas ka hareup.

Perkara „pekerdjaan pantjen" geus koeno teuing teu soeroep aja di alam kiwari. Geus djaoeh tina mangsana tjatjah gawe bakti ka noe marentahna, saperti kababeulaan, apan geus sabaraha alam noe ngahalangan leungitna boedak beulian „slaven" nepi ka waktoe ajeuna. Perloe pisan ieu kaajaan teh diberesan, sarta disoehoenkeun ngaranna oge digentos koe oepamina oeroenan desa (oeroenan pikeun ngagadjih pamarentah desa, djeung majar kaperloean desa noe sedjen) pantjen teh.

Soepaja oelah kadjadian, gedena oeroenan teh, beurat teuing keur somah, njoehoenkeun aja katangtoean „maximum precentage". Oepamina bae 50% tina djoemblahna land rente + padjeg kasab.

Noeroetkeun palanggeran-palanggeran noe geus aja, tetela pisan, jen maksoedna ngajakeun „maximum" legana sawah pikeun pamarentah desa djeung gedena oeroenan desa teh, soepaja padjeg djeung kabeubeurat desa oelah KATJIDA teuing beuratna keur somah.

Ngemoetkeun ka noe aja di loehoer katimbang pisan perloe koe djalan Reg. Raad ditangtoskeun maximum (pang angeungna) kaoentoengan (gadjih) loerah djeung pamarentah desa. Dina waktoe ajeuna mah kenging disebat teu aja watesna nepi ka sabarahana oge gadjihna teh, oepama somah anoe koedoe majaran, boh lantaran kabodoanana, boh aja sabab sedjen, teu njeboetkeun, jen manehna teu panoedjoe.

Di district Trogong djeung Garoet aja sawatara loerah, anoe kaoentoenganana teh pohara gedena, oepama nilik kana „diploma" manehanana kajaan desana djeung gedena padjeg di desana, nepi ka oeroenan desa djeung pantjen teh tatandinganana beunang diseboet gede loear ti biasa. Ngarah tatandingan gedena oeroenan desa djeung pantjen, kana gedena djoemblah landrente djeung padjeg kasab oelah beurat sabeulah (teu ningnang), divoorstel ka Raad soepaja ngajakeun katangtoean „maximum" djeung „minimum" gadjih noe djadi kapala desa:

Di voorstel paling saeutik f 30,— panggedena f 100,— dina djerona boelan. Noeroetkeun B. B. L. 1925 Staat A. 7 oge kaloearan sakola ka 2 teh, djero dines 20 taoen teh ngan nepi ka f 100,— kaoentoenganana djero saboelan.

Djaba ti eta kedah diemoetkeun, jen gadjih noe djadi loerah koedoe sahandapeun noe djadi doenoenganana Mantri politie djeung Tjamat, noe kamistianana leuwih rea djeung „opleidingna" leuwih loehoer. Katimbang rada gampil ieu atoeran didjalankeunana oepami, desa teh didamel kelas-kelas noeroetkeun koemaha ka ajaanana. Dina waktoe ieu koe 3 kelas oge roepina tjekap. Pikeun klas 3 gadjihna ti f 30,— f 60, klas 2 ti f 60,— f 80— klas 1 ti f 80 nepi ka f 100.— Kana ieu atoeran teu ka asoep peresen 8% tina poengoetan padjeg.

Gadjih (kaoentoengan) pamarentahan desa koedoe ditanggoeng koe noe boga kamistian majar hoofdgeld woengkoel, teu merenah, da adiina mah soedagar etc. noe teu boga tanah oge, koedoe miloe marere oeroenan.

Nangtoekeun legana tanah tjarik noe baris diindjeumkeun ka noe djadi loerah djeung pamarentah desa noe sedjen, katimbang leuwih hade noeroetkeun palanggeran noe geus aja Res: besl. 17 Oct. 1907 No. 15306/16.

Nangtoekeun tatandingan pangadji sawah djeung tegalan 2 kana 1, pikeun tjarik pamarentah, ieu elid teu tiasa mendak alasan anoe pohara terangna (pentingna), sabab loba-loba lantaran anoe bisa ngoerangan atawa ngagedean hasil tanahna.

Sakitoe babakoena noe katimbang penting dilebetkeun.

## Karahardjaan nagara.

Tanggal 18 Desember 1924 motie toean Albarda di Tweede Kamer ditarima, anoe maksoedna soepaja Pamarentah mariksa koemaha kaajaan pangabogana djeung kahiroepanana (economische toestand) oerang Hindia Nederland.

Sanggeus ieu motie ditarima kalawan teu distem heula toeloej Minister menta ka G. G. soepaja ngajakeun eta papariksaan, ngan dina mariksana oelah imeut teuing ka oenggal tempat djeung teu koedoe ngoempoelkeun rea-rea teuing angka, tjoekoep koe make angka-angka dieung tjatetan-tjatetan (statistieken) noe aja bae. Noe ngadjalankeun ieu papariksaan, nja eta toean Mr. Fievez de Malines van Ginkel sarta laporanana ajeuna enggeus kaloear. Noe ngabantoe nja eta toean J. van Gelderen, Mr. A. F. Vreede, H. L. Welter djeung Y. E. van der Stok.

Babakoena noe didjalankeun koe ieu Commissie ngabanding-bandingkeun kaajaan tahoen 1913 kana kaajaan tahoen 1920 djeung 1924.

Dina panoengtoenganana, eta laporan aja omongan, jen kaajaan ajeuna teh henteu moendoer-moendoer teuing sarta euweuh malioenan djelema noe hiroepna katjida soesahna (. . . . . , dat er geen sprake is van een ernstige inzinking van het welstandspeil der bevolking, noch van een jammerlijk bestaan van milioenen menschen). Dina eta laporan diseboetkeun tahoen 1913 teh normaal, djadi tahoen noe sedeng, biasa, aloes pisan henteu, goreng pisan henteu. Oepama kaajaan pangabogana somah dina tahoen 1913 dibandingkeun djeung kaajaanana dina tahoen 1924 koemisi njeboetkeun, jen kaajaan ajeuna teh henteu beunang diseboetkeun moendoer.

Pangaroehna kaajaan perang doenja aja keneh, tatapi kaajaan tahoen 1924 teu beunang dibandingkeun djeung kaajaan keur waktoe sagala roepa rame redjeh, nja eta meureun dina tahoen 1919, 1920 djeung 1921, sabab ieu mah waktoe loear biasa (abnormaal).

Toeloej aja omongan, jen kaajaanana oerang priboemi teh boh pangabogana boh kahiroepanana teu matak pikarempaneun (De economische toestand van de Inlandsche bevolking baart geen vrees)) ieu noe ditoelis tea omongan tina De Ind. Courant dd. 26-4'26.

Keur rek ngajakeun ieu koemisi koering geus boga sangkaan, jen laporanana koemisi teh bakal siga kitoe, nja eta moal njeboetkeun goreng tapi moal moedji aloes.

Lah tjing atoeh ari leres mah djoeragan koemisi teh dina ngaloearkeun laporan teh sing aja tjekeleunana, moen goreng koemaha gorengna, moen aloes koemaha aloesna, moen koedoe dihadean koemaha ngahadeanana.

Ari tjek pikiran djeung rarasaan koering mah noe geus ngarasa hiroep di desa, nja kaajaan oerang priboemi dina tahoen 1913 teh geus goreng geus hese hiroepna, lain hese hiroep teh hese ngambekanana, tapi hese neangan kipajah keur hiroep noe rada narimbang djeung kamanoesaan nja eta moen dahar teu koedoè koerap-karep djadi rada, seubeuh bae tjindekna mah, ti salaki pamadjikan nepi ka anak teh dahar angger isoek sore teu poet-pot, panen boh teu panen, nja kitoe deui pake henteu goreng-goreng teuing nja eta badjoe samping henteu rombeng atawa rea tambalna. Koemaha ari kaajaan tahoen 1913.

Tah dina tahoen 1913 teh di dessa-dessa (sakoer noe kanjahoan koe koering) nja eta desa desa di Karesidenan Tjirebon djelema teh leuwih ti saparonanoe TEU tjoekoep daharna djeung soesah sandangna. Doeka koemaha kaajaan di nagara sedjen, lantaran koering harita henteu ngadjadjah oenggal nagara ka dessa-dessa mariksa kaajaanana.

Roepana dina tahoen 1913 teh kaajaan di Karesidenan-Karesidenan poelo Djawa mah moal sabaraha bedana. Kadjaba kaajaan di Soematra Borneo koe sabab didinja mah tanah lega pangeusi saeutik. Djadi tjek koering tahoen 1913 teh geus goreng kaajaan oerang priboemi teh, nja normaal bae tahoenna mah djedjeg 12 boelan poëna 365 poë.

Doeka koemaha kaajaan memeh taoen 1913, sareng doeka koemaha kaajaan waktoe Madjapait djeung Padjadjaran, lantaran koering tjan goemelar koemelendang di pantja boeana.

Ditendjokeun koe koering ditanja ditanjakeun ka djalma rea koemaha kahiroepan ajeuna.

Bet djawabanana teh ngan soesah bae noe tambah djaman ajeuna teh. Komo di desa-desa, oeroenan desa beuki tambah, ari kahiroepan beuki ripoeh. Rea djelema di desa noe dina tahoen 1913 boga moending keneh ajeuna mah geus teu boentoet-boentoetna atjan, komo boeloena mah da leuwih lemboet ti batan boentoet.

Sok hajang nendjo koemaha hiroepna noe mariskin di desa. Keur waktoe pakansi boelan December tahoen 1919, dina hidji peuting koering ngoeriling ka desa. Barang ngadenge boedak tjeurik koering eureun, kabeneran imah kolot boedak tea bilikna tjopong toeloej koering noong. Bapa, indeeng djeung anak ngarioeng tjempor leutik, minjakna sigana geus rek beak. Boedak kira oemoer doea tahoen, sigana tjeurik hajang dahar. Toeloej dibere sangoe garing. Sahoeap ka anakna sahoeap ka bapana. Menta oejah ka indoengna boedak, tapi djawabna teh teu boga. Ah koering teu koeat nendjo noe kitoe teroes balik, lantaran harita rek hoedjan-deui. Karoenja nendjo kaajaan djelema noe miskin kitoe, harita rek mere kabeneran teu mawa naon-naon.

Tah kaajaan di desa teh, rea noe leuwih sangsara ti batan noe diseboetbieu di loehoer, tapi koering ngan meunang bedja bae henteu nendjo sorangan djadi moal ditjaritakeun di dieu djeung matak era parada deui, da noe telenges mah ngan woengkoel njeungseurikeun.

Tjek oerang Eropa „Indie kent geen armoede", Soendana, „Hindia mah teu njaho dikamaesakatan".

Ari tjek koering mah, oepama noe pang sangsarana pangmiskinna di oerang dibandingkeun djeung noe pangmiskinna di Eropa, noe miskin di Eropa leuwih pikaroenjaeun batan noe miskin di oerang, lantaran di oerang mah hawana henteu sabaraha tiisna. Tapi di Eropa mah noe miskin katjida teh arang-arang, djeung dina ajana bisa dioeroes boh koe Pamarentah boh koe pagoejoeban partikoelir, lantaran rea noe beunghar djeung dermawan. Apan di Eropa mah oelah deui keur miskin dalah keur boedak noe teu poegoeh bapana oge disadiakeun tempatna.

Ari di Hindia mah djelema teh rata-rata mariskin, aja oge hidji doea noe beunghar, ieu mah minangka noe mahiwal. Ari noe ngadjadikeun miskin tea roepa-roepa, ngan babakoena koe lantaran bodo djadi gampang kapatjikeuh koe deungeun-deungeun.

Balik deui kana laporan karahardjaan nagara, tjek koering mah kaajaan oerang priboemi ajeuna matak mangrempankeun keur kahareupna, ajeuna geus sakieu soesahna tjek oerang priboemi noe ngarasa soesah pajahna hiroep ajeuna, komo deui engke. Apan ajeuna mah oelah deui di Djawa tengah noe sakitoe gegekna, dalah di desa-desa bawahan Priangan oge djelema geus rea noe ngaharegoeng lantaran koe bingoeng hiroep. Ari Priangan djeung karesidenan Besoeki teh di Poelo Djawa mah kaasoep nagara rahardja, tapi ajeuna mah hoedjan rada lat datangna geus meh rek aja patjeklik boektina dina tahoen 1923 di Rantjaekek. Ajeuna meunang bedja hawar-hawar di Tandjoengsari djelema kasoesahan, ngan mendingna katoeloengan manten aja oebar poeroeloek ti pamarentah Agoeng. Tah dina lebah kieu Pamarentah aloes, noeloeng, komo moen beres ti loehoer nepi ka handap di noe ngoeroesna atawa ngadjalankeunana.

Koering keukeuh teu bisa moepakat djeung laporanana koemisi noe diseboet di loehoer.

Kahajang teh tjing ngajakeun koemisi teh sing noe rada taliti, teu koedoe ari rongkah saperti dina tahoen 1904 mah, da poerstel-poerstelan ti koemisi welvaartcommisie baheula oge rea noe tatjan, atawa moal didjalankeun, ngan eta bae koemisi teh sing rada kanjahoan koe noe rea dina tatanjana, dina mariksana sing leuwih ti saperti koemisi Meyer-Ranneft nanja-nanjakeun kaajaanana ka noe leutik, oelah ngan tjoekoep koe soerat atawa nanjakeun deui ka pagawe Pamarentah.

A. s.

## Non cooperation.

(Samboengan).

Hantja djr. Otto Soebrata.

Doepi anoe ngedalkeun sareng ngadjalankeun, tjindekna mah anoe minangka njawana eta „Non Cooperation" teh, djenenganana MAHANDAS KARAMTSJAND GANDHI, oerang Hindoe, dibabarkeunana dina sasih October 1869, di lemboer PORBANDAR tanah KATHIAWAR. Dina joeswa 17 taoen andjeunna diiangkeun ka nagara INGGRIS pikeun diadjar kana Advocaat.

Demi di lemboerna (Perbandar) sareng sawewengkonna henteu aja fabriek-fabriek. Djalma-djalma di dinja kahiroepanana tina tatanen (nangiung tatanenna oge loeloemajanan, henteu aja anoe ngagadoehan tanah garapan lega) sareng tina roepa-roepa karadjinan di imah.

Kahiroepanana teh goemantoeng pisan kana reana hoedjan sareng halodo, margi di dinja waktoe harita, henteu atjan aja irrigatie, atanapi padamelan anoe sanes, anoe ngadjait tina kasoesahanana perkawis tjai.

Nanging sanadjan kitoe oge, djalma djalma di dinja teh, henteu kaasoep kana malarat pisan.

Saban dinten, saban sasih sareng saban taoen, menggah oerang dinja mah, kasesahan sareng kasonangan teh sami bae (angger). Katingalna koe noe sanes oerang dinja mah, di lemboer eta teh henteu pisan aja kasesahna sareng henteu pisan aja kasenangan, roepina mah estoe pasrah kana kersana Goesti Jang Widi bae. Doepi kapasrahanana hate djalma² di dinja teh, njerep pisan kana manahna Gandhi. Kadjabi ti eta Gandhi parantos aja bakatna (aanleg) kana „kapanditaan". Koe iboena samemeh andjeunna angkat ka nagara Inggris disoempah heula, henteu kenging miloe pepelesiran ngadoloe sapangersa sareng Studenten anoe sanes. Doepi eta soempah teh, koe andjeunna diestokeun pisan, doegi ka anoe djadi karesep andjeunna oge kana maen biola tjoel ditoenda bae. Andjeunna henteu toeang daging, tara ngarot inoeman keras, tara igel-igelan (dansa). Koe doedoega sareng panjipta andjeunna kakiatan djalma teh aja dina lelemboetanana. Pikeun ngoeatkeun lelemboetan teh kedah seueur ngaosmikiran anoe tetep (moedja semedi) sareng pasrah ka Goesti Jang Agoeng.

Da nja djalan eta pisan kana kamoeljaan teh, anoe geus katjipta koe andjeunna sarta didjalankeunana.

Doepi Gandhi teh sanes politicus nanging pandita.

Anoe ditjipta koe andjeunna teh, nja eta doenja anoe loh djinawi, pinoeh koe tatanen sareng djalma-djalma anoe kahiroepanana tina pagawean leungeun sareng karadjinan di imah (handwerkers en huisnijverheid), da baheula waktoe di doenja teu atjan aja roepa-roepa mesin sareng fabriek-fabriek, djalma teh maroelja, henteu aja tjektjok mareboetkeun kahiroepan sapertos djaman ajeuna.

Sajaktosna andjeunna mah hojong balik deui kana kabaheulaan.

—o—

Doepi koe emoetan simkoering mah, djaman teh moal bisa dibalikan deui, mangga aremoetkeun kieu bae

tjontona:

„Toekang tani sareng bodjona ngagadoehan tanah, woengkoel tjekap pikeun hiroep maranehanana, teras eta patani teh gadoeh anak gadoeh intjoe. Tangtos pisan eta tanahna patani teh, moal tjekap dianggo kahiroepan patani tea sareng sahondorojotna.

Nja kitoe deui legana tanah di doenja teh angger bae, ari djalma mah ngareaan. Teu aja deui akalna ngan kedah ngajakeun Industrie.

Pagawean karadjinan koe leungeun oge lantaran rea djalma anoe baris pimakeeun barang barangna tea, tangtos pisan bakal kawalahan, teu tiasa njoempoenan kana pamentana (vraag) da koe leungeun mah keudor pisan!"

**O. S.**

—o—

Dina taoen 1904, Gandhi njobi-njobi ngadjalankeun anoe ditjipta koe andjeunna tea, di tanah AFRIKA, ngadamel Kolonie sareng ngadamel pirang pirang imah pikeun oerang Hindoe.

Nanging maksad Gandhi kitoe teh, henteu tiasa kadjanteunan.

—o—

Da poegoeh oge, dina djaman ajeuna mah, hiroep koemboeh kitoe teh, ngan tiasa djanten dina tjiptaan woengkoel, moal tiasa kadjanteunan anoe sajaktosna.

**(O. S.)**

—o—

Gandhi teu kinten njaramna ka anoe make djalan paksa piroesa, ka anoe ngetohkeun badan sareng njawa, atanapi djalan revolutie.

Ucepi sajaktosna Gandhi teh hidji djalma anoe emoetanana teu kinteu koenana nanging teu kinten soetjina.

**Teraskeuneun.**

## Kintoenan djr. Hardjo.

Dina Sip No. 44. aja toelisan djoeragan Engkik Bandjar noe maksoedna ka sim koering, samemeh koering njanggakeun katrangan, bade ngadongeng heula „Aja 4 djalma lolong bareng hajang laladjo Gadjah, barang doengkap kana tempat eta Gadjah, kabeneran saratina aja sareng djalma bangor, djadi eta 4 djalma pada sina njagap eta Gadjah, tapi njagapna dipisah-pisah noe ka I sina njagap toelalena, noe ka II sina njagap soekoena, noe ka III sina njagap tjeulina, noe ka 4 sina njagap awakna, saparantos ditoedoeh-toedoehkeun ladjeng sami pada wangsoel, bareng di tengah djalan eta si lolong opatan teh pada njarita, tjeuk noe saoerang: „Koetan teh ari gadjah bet djiga tarompet, ampir saperti tjoetjoengik bagong ngan bedana ieu mah pandjang."

Tjeuk saoerang deui: „Hih silaing mah salah abong-abong rarasaan, geuning tjeuk dewek mah bet djiga pisan goegoeling ngan bisa oegat-oeget." Tjeuk saoerang deui: „Ah silaing mah sok bohong, djiga hihid mah djiga hihid bae, ngan bedana koelit djeung bisa koeplak-kaplek sorangan. Kadenge koe noe ka opat djadi asa dimaenkeun: „Ari silaing kawas noe garebleg, toh pangrampa silaing moal beda djeung pangrampa oerang, geuning tjeuk dewek mah teu beda djeung awak moending ngan ieu mah teuing gedena, ngan handjakal taja hoeloe boentoetna." Gantjangna noe opatan teh parea rea beunang, toengtoengna ger parasea make geloet nanaon, ngan hadena kabeneran aja noe beunta oge tas laladjo gadjah, gantjangna si lolong dipisah sarta ditanja sababsababna noe matak parasea, noe opatan prak pada njarita, sanggeus salse, tjeuk noe beunta: „Eta kabeh oge bener. geura dengekeun, ari noe dj ga tarompet eta toelalena, noe djiga hihid eta tjeulina, noe djiga goegoeling eta soekoena, noe gede eta awakna, eta toenggal gadjah?" Sanggem si lolong: „Noehoen atoeh djoeragan" bari baralik. Tah djoeragan Engkik, ajeuna nembe koering njarita hal iman tohid ma'ripat. Tjeuk pamanggih koering, ari hartina iman panarimaning njawa, ari tohid pamanggihing njawa ari hartina Ma'ripat pangeling njawa ari hartina panarimaning njawa eta kieu . . . . ah stop ketang, teu wantoen! . . . .

Djoeragan Engkik, inget La haola wala koewata illa biilah, tjik djoeragan terangkeun waktoe ningali kamedi Monjet sareng waktoe ningali Hadji moemoendingan eta pangdeuleu saha, paningal saha? ari Maha Soetji teh ningali naon? ngadangoe naon?

Oge koering teu njempad ka Andjeun tekad ngahidjikeun, ngan bae ari hartina ngahidjikeun barang doea dihidjikeun toeroeg toeroeg beda, tah eta matak bingoeng. Ari nekadkeun Maha Soetji ngan hudji mah tjoekoep koe Ashadoe anla ilaha ila lah.

Djoeragan Engkik mojok ka koering pedah, koering njeboet bedjana beda djeung noe anjar, atoeh poegoeh bao bedjana mah, dimana bedjana sok aja njatana, tjeuk pamanggih koering, ari doenoengna Moechalapatoe lil hawadisi teh eta dina Andeman, geuning Andeman? sabab andeman teh panggonan sir pikeun ngabedakeun hade sareng goreng, sir soemarambah kana panon, djadi bisa ngabedakeun bodas sareng hideung, koneng sareng beureum, margi panon teh mengkoe sakabeh roepa (warna) sir soemarambah kana tjeuli djadi bisa ngabedakeun sora embe sareng marijem, sabab tjeuli teh mengkoe kana sakabeh sawara enz. enz. Qoelloe saein halikoen illa wadjhahoe, ari Maha Soetji teh teu beunang di tingali sawidji, taja Alloh sadjabaning manoesa, sareng taja Allah sadjeroning manoesa. Djoeragan Engkik kantenan tembong kabodoan koering pikeun nanja kieu, sabab ningal dalil di loehoer. Halek djeung machloek, koempoelna koemaha, pisahna koemaha? oge manoesa nendjo kalawan panon, ari Maha Soetji ningali kalawan naon? manoesa hiroep kalawan njawa ari Maha Soetji kalawan naon? Djoeragan Engkik pikeun embe leutik koeda leutik sireum leutik, eta leutikna saroea, atoeh gampang eta mah djoeragan! koemaha lamoen kieu, Embe tjeme (leutik) geus (gede) di seboet Embe Badot, tah waktoe tjeme keneh si Badot aja dimana, geus Badot si tjemena aja dimana, waktoe oerang lakoe goreng si hade di mana? waktoe oerang lakoe hade si goreng aja di mana? leutik, leutik, leutik, anak gadjah leutik di timbang djeung indoengna, tapi anak moending leutik ditimbang djeung anak gadjah, djadi lamoen tas ningal anak moending pek ningal anak gadjah, djadi anak gadjah, lain diseboet leutik tangtoe diseboet gede.

Anak moending leutik tapi lamoen ningali anak Embe, djadi anak moending lain leutik tapi djadi gede.

Anak Embe leutik tapi lamoen ningal anak beurit djadi anak Embe teh meureun diseboet gede, di timbang sareng anak beurit, sareng sateroesna tah djoeragan? di mana woedjoedna ngaran leutik? Djoeragan Engkik tjeuk koering sahadat = sahadate = saadat ngandoeng basa Soenda sareng Djawa, inget djoeragan qoel iunama antoem adamioen mesloekoem, dawoeh Maha Soetji, he bani Adam, Nabi Wali moe'min saroea bae, djadi tetela manoesa sadjagat teh saroea bae, kadjeun Jahoedi Nasaroni (Kristen) Boedha Tjina oge, toenggal bani Adam. Emoet deui djoeragan Engkik, lillahi moelkoes samawati wal ardi pima pihina. tah geuning saeusina boemi djeung langit teh kagoengan Allah pirakoe basana di iwalkeun?

Djoeragan Engkik?

Koering pasihan terang waktoe Kdj. Nabi Adam djadi ratoe di Koesnija Malebari, ari ajeuna mah Kaukasus, tah waktoe harita make basa naon? basa Arab, basa Tjina basa Djawa basa Soenda, basa Walanda atawa basa Papoea??

Djoeragan Engkik ari Nabi Adam teh bangsa naon? naha bangsa Arab atawa bangsa Europa Tjina atawa bangsa Jahoedi? Tjik terangkeun, kitoe soteh ari kersa ari henteu kersa mah kadjeun ngan panoehoen oelah sapertos keur exsamen sakola Agama, ari dina pangondang mah handjakal lamoen teu soemping. tangtos njenangkeun manah, wande ni'mat, tangtos mendak hikmat, na ari parantos bet make toenil, boedak sakolana aja noe dikatjamatan hideung djoto Djawa, ari enggeus Djawa-tiron teh, bo di edan-edan diboeroeng boeroeng didjawer-djawer dikowek-kowek tjik djoeragan aing emoet kapan ieu teh poelo Djawa djadi eusina oge oerang Djawa, da ari Tjina mah di seboet asing geuning. (*)

Djeung eta basa noe kotor kitoe diomongkeun di Masdjid, isoek deui mah make padingdang bae, moal halangan da lain goong ieuh?

Djoeragan Engkik, inget eta Masdjid lain kagoengan Andjeun, djeung koemaha lamoen eta Djawa noe digelo-gelo koe andjeun pek nanja waktoe koempoelan di Kawadanan. Enja koering teh Djawa gelo? Koemaha lamoen tjeuk noe loba henteu gelo henteu edan, djadi saha noe edan noe gelo teh? tah djoeragan djawab.

Djoeragan Engkik? waktoe toenil di Masdjid Bandjar lamoen Djawer teu njaho noe achli kitab teh eta, noe Achli kitab Toret Djaboer Indjil parab Djahannam teh?

Aeh djoeragan sing emoet, achli kitab Toret nja Nabi Moesa, geuning waktoe perang djeung radja Pira'on, kaom Nabi Moesa diseboet islam iraha loentoer ka islamanana.

Achli Indjil nabi Isa, waktoe perang sareng Sangiang Nilakanta kaom Nabi Isa diseboet islam, iraha moerag ka islamanana. Djaman oemiril moe'minina sajidina Hamzah Oemar - Oemia Domiri, Makboel halab kabeh kaom Nabi Ibrahim di dinja oge diseboet Islam, katoet radja 1000 nagara noe maot sabil moenggah sawarga Pirdos, tjing doemeh ajeuna ganti koe kaoem Islam Moechamadan eta noe ditjaritakeun geus moenggah sawarga diraradan diasoepkeun ka naraka kitoeh?

Ach, man araptoe teh matak tjerewed rek diganti bae koe dalil kieu, Waman holaktoel djinna wal insa lija' boedoeni, tjeuk oerang Atjeh mah kieu dawoeh Maha Soetji: Kami membikin Djin dan Manoesa tida disoeroeh kenal kepada Allah, tapi di soeroeh kenal kepada diri.

**Hardjoproewito**

N. B.

Abong letah teu toelangan gampang dioelal-elolna teh njakitoe deui, abong s engoet lain beunang meuli, merdika pisan ngomong sa kenjoh-kenjolna teh.

(*) Heum naha sakola Agama Bandjar, tooneel ngahina bangsa, naha wakil Pamarentah, henteu njetop atawa ngadakwa? Corr.

---

No. 803/19.

Tasikmalaja, 26 April 1926.

Bersama ini kasih bertaoe, Regentschaps-Raad Tasikmalaja aken bersidang pada hari Kemis tg. 20 Mei 1926, moelai poekoel 9 pagi di pendopo Kaboepaten Tasikmalaja.

Harep toean mengoendjoengi itoe vergadering.

Regent Tasikmalaja
(W. G.) Wiratanoeningrat.

AGENDA.

1. Toelating lid baroe R. H. Md. Said, kiesdistrict Tjikatomas.
2. Goedkeuring notulen Raadsvergadering tg. 23 Januari 1926.
3. Menetepken bri subsidie kepada Vereeniging Locale belangen (soerat tg. 23 Februari No. 387/11 R. R.)
4. Idem pada Liem Loek Tjong, Hotelhouder Bandjar (soerat tt: 3 Maart 1926 No. 388/11 R.R.)
5. Menetepken „verbeterd besluit" dari subsidie kepada Comité, boeat mengoempoelken wang boeat orang tjelaka di Negri Belanda (soerat tg. 13 Maart 1926 No. 499/12).
6. Membri subsidie pada paardenfokkery vereeniging Sangiangkalang di Tjidjoelang (soerat tg. 26 April 1926 No. 700/11).
7. Menetepken „voorschriften dari hal atoeran begrooting keloearan dan penerimaan dan begrootingsrekening dan model-nja (soerat tt: 17 Februari 1926 No. 322/20).
8. Dari hal benoeming, ontslag dan schorsing dari Regentschapsambtenaren (soerat tg. 22 Februari 1926 No. 357/1 R.R)
9. Menjeboet kombali Raadsbesluit ddo. 23 Januari 1926 No 5. dari hal kasih kwasa kapada Kangdjeng Regent boeat mengambil wang dari Onrvoorziene uitgaven goena menggadjih mandoer-pasanggrahan. (soerat tg. 22 Februari 1926 No. 361/13 R R.)
10. Membitjaraken dari hal instelling College Gecommitteerden (brief ddo. 16 Maart 1926 No. 420/25).
11. Menetepken „Voorschriften beheer dan administratie regentschapswerken (soerat tt. 16 Maart 1926 No. 424/2):
12. Menetepken af- dan overschrijving begrooting keloearan (soerat tg. 13 Maart 1926 No. 470/2 R. R.) dan soerat 1 Mei 1926 No. 741/5).
13. Menetepken robahan begrooting Regentschap Tasikmalaja (soerat tg. 17 Maart 1926 No. 603/20) dan soerat 6 Mei No. 802/20).
14. Menetepken pembagian ongkos pemeriksaan bagai bank-dan loemboeng desa di kaboepaten Tasikmalaja (soerat ddo. 16 Maart 1926 No. 370/21).
15. Ractificatie Commissie Irrigatie dan Commissie Onderzoek bli pasar Indihiang (soerat tg. 10 April 1926 No. 659/19).
16. Menjewa pasar Indihiang (soerat 9 April 1926 No. 647/8).
17 Menetepken Reglement Ketertiban (soerat tt: 30 Maart 1926 No. 568/19).
18. Menetepken Commissie tetep boeat memeriksa roepa-roepa permoehoenan (soerat tg. 8 April 1926 No. 651/11)
19. Menetepken Reisverordening boeat leden Regentschaps-Raad (soerat tg. 23 April 1926 No. 708/21).
20. Dari hal aanvraag subsidie Eerste Hygiene tentoonstelling (soerat tg. 12 April 1926 No. 660/11).
21. Dari hal membagiken prabot locale raden jang dihapoesken (soerat tg. 23 Maart 1926 No. 598/2).
22. Menetepken Reglement „Pasanggrahan" Regentschap Tasikmalaja (soerat 29 April 1926 No. 744/13).
23. Menetepken besluit dari hal oeroesan dessa. (Keterangtn aken diatoerken diblakang).
26. Merobah Raadsbesluit tg. 23 Januari 1926 No. 2 dari hal formatie personeel Secretaris Regentschaps Raad (soerat ddo. 2 Mei 1926 No. 760/1.
25. Arresteering besluit dari hal peratoeran bagi loemboeng dan bank desa di Kaboepaten Tasikmalaja, (Keterangan aken diatoerken diblakang).
26. Menetepken Secretaris dan leden Inl: Schoolcommissie (soerat tt. 5 Mei 1026 No. 789/19).
27. Lain lain jang aken dibitjaraken.
28. Rondvraag.

Ingekomen stukken:
Provinciaal blad Nos 1-2 dan 3.
Tijdschrift Locale belangan.

Regent Tasikmalaja
(W. G.) Wiratanoeningrat.

## Samboengan Sip. No. 44.

9. Tjeuk djrg. dina Sip. No. 33. Ari pertjaja ka Allah koedoe pertjaja kana woedjoed oerang sorangan, sa geuj djrg!

Naha saha atoeh noe teu pertjaja kana woedjoed oerang sorangan? kapan ari woedjoed teh soendana aja, ari woedjoed oerang geus boekti, kapan ijeu woedjoed oerang boengkeuleukan keur noelis dina medja, tjik soegan aja anoe model teu pertjaja kana boekti woedjoed oerang sorangan? Aja oge djoeragan ngoeping-ngoeping teh, woedjoed oerang djadi dalil kana woedjoed pangeran geuning dina karang Ibrohim-Badjoeri: Waddahloe ala dalika woedjoedoe hadihil mahloekot. kitoe deui man aropa nafsahoe fakod arofa rabahoe teh kieu pihartoseunana kalawan manoeroet sagala elmoe arohijah kieu: Saha djalma noe njaho kana ka apesan diri sorangan mangka tangtoe njaho kana ka kawasaan pangeranna, dipaham tidinja samangsa sorangan apes moal bisa ngajakeun sorangan tangtoe eja noe ngajakeun nja eta anoe kawasa.

10. Tjeuk djrg. dina Sip. 33 keneh: anoe teu diadjar kana pagawean insinjoer tangtoe mowal wani nempoeh kana examen sabab teu pertjaja kana woedjoed oerang sorangan, ahir teu pertjaja ka Pangeran. Tjik ajeuna oerang boektikeun, nanja kitoe djoeragan teh pertjaja (teu iman) ka Alloh? pedah djoeragan henteu nempoeh kana eta examen, oelah kalinglap djoeragan! njaah koe pangartos, meureun djoeragan kagoengan pangartos tjara kitoe teh meureun beunang tekal tekil ti leuleutik, toekoel ngoengkoel ti lelemboet, diteangan ti boeboedak, kari-kari koe djrg. dianggo kana sanes lajakna dalil koerän dianggo soelaja tina moedjmaaleh.

11 Dina ajat inal ladina kaparoe min ahlil kitabi wal moesrikina pinnari djahanam, kieu soendana estoe tina panemoe sim koering sanes kinten-kinten manawi ka manah sim koering ngahatoeran bongbolongan ka djoeragan, moeng sanes pisan kokolot begog, tapi sim koering soesoeganan, pedah saoer batoer teu ka poendoet, soegan tjitjiritjit sim koering kapilih kieu: „Saenja-enjana djalma-djalma anoe kalapir nja eta noe njarekel kitab djeung anoe moesrik hartina anoe boga deui sesembahan lijan ti pangeran saperti noe moendjoeng ka patekong ka kajoe ka batoe" eta tetep djagana dina naraka djahanam, Waktoe toeroen ijeu ajat ka kangdjeng Nabi di alam doenja teu atjan aja kitab anoe saperti ajeuna da kitab-kitab teh kapan pangheulana noe ngarang teh imam anoe opat ari imam noe 4 ajana zaman Tabiin djeung Tabiitabiin boro-boro, kapan Qoerän oge bibitna kitab-kitab teh nembe di toeroenkeun.

Ari noe aja zaman barita katoekang ngan Toret Inzil, Zaboer titinggal nabi-nabi noe baraheula, anoe di piwarang koe goesti Alloh di ganti koe Qoerän da nabina oge ganti nja koe Kg. nabi Moehamad s. a. w. Djadi noe katoedjoe koe ahli kitab dina eta ajat teh kieu: Sakoer-sakoer djalma keukeuh kedeuh teu beunang di benerkeun koe nabi njenjekel sarta ngahoekoemkeun kana kitab anoe geus di mansoh koe Qoerän, lain djalma-djalma anoe daraek matja sagala kitab sanadjan matak pot sagala roepa sanadjan oepama bawaning getol kana matja kitab nepi ka bawaning teu kaboeroe oesaha gede hoetang, geus teu aja noe mere ngaudjoek nepi ka maling, bener djoeragan! eta noe kitoe lamoen teu tobat, bageanana naraka, tapi djrg! lain pedah djadi Ahli kitab noen, eta mah tina ngalakonan dosa bae nja eta maling.

Ari eta djoeragan mariksakeun Sri Padoeka Maha Radja Willem ka III ka djrg. H. H. Moestapa dina naon ajana? lah edas bae djrg. mah aja sieun beakeun omong teh. Atoeh saha noe piterangeun djrg! kapan ajana oge di Nederland toeroeg toeroeg djrg! lain bagian djalma nganjahokeun aja na mah ngan woengkoel bisa njeboet keun anoe kitoe di kalakoeanana di gandjar koe sawarga. anoe kitoe kalakoeanana di wales koe naraka ari netepkeun hidji hidji djalma mah teu meunang djrg. sababna oepama diseboet si anoe boeat ka Naraka bowa teuing tobat kalawan ditarima tobatna kapan aja ajat Wajagpiroe ma qodamoe waasarohoemal ajat Ari djrg H. H. Moestapa soegan sanadjan djrg oge soemawona djisim koering teu atjan ngaraos tepang boro-boro ngahoekoemkeun ka sawargana at. ka narakana.

Saparantosna! pinten pinten djisim koering njoehoenkeun di hapoenten hoesnoesna ka djr. Hardjoproewito oemoemna mah ka sakoer anoe maraos. Sanes pisan sim koering kokolot begog (bibisaanan). Sareng sanes pisan sim koering teh ngadoe panemoe, at medar pangabisa da poegoeh sakieu boektina, kamanah noehoen, henteu dalah dikoemaha, sakieu oge estoe beunang prakprak proek proek, belaan berenoek di awoet kandjoet koendang di oengkaban, koe tina hajang rerempoegan, mapak mapak para mitra, beu kawas teh . . . . nja! koemaha moen salah? ah salah man tawakoep bae koe noe maraos, malah ari tjeuk napsoe mah: njoehoenkeun dilereskeun bae koe noe maraos, da ari dilepatkeun mah napsoe teh sok merengoet moeroekoesoenoe, rek djawab sieun tambah salah ari henteu sieun aja noe ngeuleuh ngeuleuh, toengtoengna a i u nja koelan.

Kitoe deui noe diantos antos ti sadaja noe maos, hapoentenna tina koelijah dosa, sareng doe'a hoesnoel hotimah noen.

Kairing koe salam sareng hormat facir
**Engkik**
Bodjong

## „Oedjang palantjongan"

Njeboet oedjang soteh, pedah eta bae njeboet Emang Ardjo, oedjang parantos noelis dina Sip. No. 27 anoe maksoed di toedjoeken ka Toean Piet njabit-njabit ka simkoering memang bener eta toelisan sa kaajaanana henteu mentjog, ngan eta bae koe oedjang mah njeboet mang Ardjo teh pang sial-sialna, padahal oedjang emang teh sanes sial, tapi toekang amal. boekti sagala kadjeun tjoba lamoen noe sanes, atawa ka salebah oedjang meureun geus ngadawa, tapi mamang henteu njaeta achli amal. djeung eta oedjang mah, noelis teh kirang terang benerna pek di seboet di mana Oetojo digegelna, bisi padjah boedak loetrak latrok ka boemina Toean Piet eta lain! oedjang estoe dina pakarangan emang, kitoe deui eta batoer emang, kitoe deui eta batoer emang awewe, lain di boeroean noe kagoengan andjing, di boemina djoeragan Madi Commies S. S. ngan hadena kaboeroe koe saratina bisä teu katjida

tjilakana, ari emang ningal toelisan oedjang kirang etjes, koe sieun Djoeragan goeroe goeroe Pasoendan padjah emang tambelar ka boedak moeng sakieu bae oedjang?

Salam ti mamang
Hardjoproewi o.

N. B.

Naon sababna pang koering isin koe djoeragan Goeroe Pasoendan? Kieu geura istikad koering teh. Boedak koering ti wangkid di djoeroekeun nepi ka oemoer 6 taoen eta anak koering, djeung Tanggoengan koering tapi oemoer 7 taoen troes asoep H. I. S Pasoendan, djadi ajeuna geus tanggoengan goeroena sae awonna eta boedak,.

Mana bener lahiran djoeragan Soeriadiradja kamari dina Congres Pasoendan tt 26 December '25 jen boedak dibere pakantji teh lain matak bade tapi matak katjida awonna lantaran kagalih boedak tangtoe tonggoj oelin, eta lahiran bener pisan, moeng bae koemaha noe djadi sepoehna boedak. lamoen boedak dina pakantji teu dititenan koe sepoehna bisa djadi tambah adat awon, tapi oepami noe djadi sepoehna ngadjagina ati - ati emoetan moal kadjadian sakoemaha saoerna djoeragan S. R. tea, oge noe djadi sepoeh kedah ngagalih di sakola bener tanggoengan goeroe, tapi dina pakantji misih tanggoengan sepoehna, geuning oerang sok radjeun oepami ningal boedak awon adatna, sok digeunggeureuhkeun, naha oedjang boga adat kitoe eta papatah goeroe;? tjik ari lain mah oelah kitoe atoeh, boedak sok radjeun ngagilir tina lakoe noe kaliroe, oge aja noe ngagalih eta pakantji matak roegi ngoerangan pangadjaran, tapi oepami ngagalih 365—355 dinten masih bati 10 dinten djadi lamoen dibantoen 4 dinten pakantji masih bati 6 dinten dina 1 taoen.

Dina naek kelas, koelantaran koering bapa boedak, sok gadoeh djangdji, oedjang! lamoen oedjang dina taoen ijeu bisa naek, baja kaoel oedjang rek dibawa pelesir ka anoe djeung toempak roda sareng sanessanesna deui roepi roepi pakaoelan, roepina meh loembrah bapa boedak sok gadoeh pikiran tjara koering, kitoe deui boedak dipaparin pakantji teh sok goembira (atoh) tjeuk sadaja, bener eta, tatjan tangtoe, moeng karek djiganna bae, koemaha hajang boektina saenja-enjana, naha bener matak atoh? ijeu noe baris ngawangsoel kasanggakeun ka para maos, koemaha waktoe moerangkalih waktos sakola, naek kelas naha atoh? di paparin pakantji naha goembira? sareh sadaja pada ngaraos bingkarak baroedak, maeng sadijeu bae koelan!

„Moepakat pakantji".

Hardjopoerwito.

## Patarosan ka H. B. „Pasoendan" Bandoeng.

Ningalan Statuten „Pasoendan" jaktos parantos teu sapagodos sareng waktos ajeuna. Nanging bade njobinjobi ngarobah teh hoream, bilih teu diwidian koe Pamarentah, margi di Tasikmalaja ningal pagoejoeban „Boedi Kaprijajian" noe maksadna silih toeloengan dina kapapatenan sareng njengtjelengan saban sasih, njoehoenkeun rechtspersoon teh teu kinten sesahna. Kadjabi ti rekesna kedah dina zegel f 50 (lima poeloeh roepia) teh, kedah majar deui ka Kantor Tjitak Goeperemen di Batawi ('s Landsdrukkerij) ongkos ngamoeat Statuten eta pagoejoeban dina Javasche Courant sakatja f 5 Katoeroeg toeroeg lami pisan po toesana a teh. Doegi ka ajeuna parantos $1\frac{1}{2}$ tahoen langkoeng, nanging bisloeit rechtspersoon teu atjan katampi

Bade naros ka H. B. na koemaha atoeran ajeuna dina njoehoenkeun rechtspersoon koer. pagoejoeban, ka Pamarentah, na rekesna kedah salamina dina zegel f 50 (lima poeloeh roepia) atanapi henteu?

Bestuur Pasoendan Tasikmalaja.

## Moepakat.

(Tingali S. P. No. 46).

Bapa anoe sakieu geus kolotna katjida boengahna sarta moepakatna kana atoeran nambah waragadna SP. toer engkeuna aja harepan aja panoeloeng. Nja kitoe deui anak-anak bapa: Si Saka, Siki, Soko sarerea pada harajang djaradi atonne malah ti ajeuna oge hajang geura prak dilampahkeun

Langganan Sipatahoenan sakwartaal f 1,50 teh estoena mah kaitoeng moerah pisan, nadjan f 2 oge wani. ari ieu majar f 2 teh bet make aja implik - implik meunang samboengan,


Berlangganaolah!

„ORGAAN PERDATA"

(Orgaan Perhimpoenan Dagang dan Tani)

dikeloearkan saban tanggal 1 dan 15 tiap boelan

oleh

H. B. PERDATA

Oude Kerkhofweg 34
BANDOENG.

Harga langganan boeat 3 boelan
f 1.50

DOCTOR SOEKARDJO

Heerenstraat No. 18

(Poengkoereun Masdjid)

Nampi tamoe oenggal dinten, djabi ti **Senen** sareng **Kemis,** margi kedah tournee ka Pangandaran.

Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925

Koek - en Banketbakkerij

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

Stationweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabi ti sajagi koeweh koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, pangaos kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna, dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5,— ditanggel sae.

Noe ngantos
Raden Natamiherdja.
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

„SAJOER MAINTJAT"

Ijalah sewatoe soerat chabar jang ternama di Celebes. soeatoe soerat chabar jang sanggoep menahan panasnja matahari, sewatoe soerat chabar jang berhaloean politiek dalam Islam semata-mata. Di pimpin oleh Hoofdredacteur J. S. MAMOOR-LUBIES, dan anggota-anggota Redacteur K. Ponamon, M. Towidjojo, A. van Gobel, Ach. Dahlan, M. Ningkaula, dll. pemimpin-pemimpin Ra'jat jang terkenal dan Bestuur-bestuur S. I. di Celebes. Moelai Januari 1926 lembarannja soedah dibesarkan, dikeloearkan boeat sementara tiap-tiap doea Minggoe sakali, dengan harga langganan biasa. ja'ni f 5.— boeat setahoen dan f 2,50 boeat 6 boelan, haroes DIBAJAR LEBIH DAHOELOE. Ambillah langganan dengan s. ch. *SAJOER MAINTJAT*, masoekanlah *ADVERTENTIE* dalam s. ch. *SAJOER-MAINTJA*, tentoe menjenangken dan mendatangkan keoentoengan. Adres Redactie dan Administratie „*SAJOER MAINTJAT*" di Lawangiroeng MENADO (CELEBES).

Schoenmakerij en Kleermakerij

„Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen

O. Sasmita.

N. B.

| | |
|---|---|
| Toedoeng Panama | |
| noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djaksi | f 2,50 |
| strobin (pamoelasna) | f 0,25 |

Toko en Drukkerij

Pasoendan Tasikmalaja.

Boekoe - boekoe saniskanten pangadjaran sakola, Bale Poestaka sareng roepi-roepi aosan sepoeh anom pameget istri. Batara Rama I en II Wajang Poerwa (babadna Pandawa).

Tinoenan: Roepi-roepi saroeng geroesan, palekat, andoek-andoek sadaja kaloearan Soekasoekoer karadjinan oerang Soenda.

Tjitakan: Roepi roepi staat. ondangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaos galib ajeuna mirah bae.


## LELANG KAJOE DJATI.

Pada tanggal 18 Mei 1926 poekoel $9\frac{1}{4}$ pagi di roemah bola Galoenggoeng Tasikmalaja dari 150 $M^3$ kajoe dolk dan balk ada di Halten Bandjar, Bandjarsari dan Kalipoetjang S.S / W.L. Kavelingsoverzicht dan lain-lain keterangan diminta kepada Opperhoutvester di Garoet.


Dr. Tan TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina Dir. Dr. Saleh Marhoem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.

Waktosna.

Endjing-endjing 7 - 9
sonten 4 - 5

FROM

TABIB FAZAL MOHAMAD

HINDOESTAN'S MEDICINE SHOP

TJIHIDEUNG No. 14 TASIKMALAJA.

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie). Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu di belek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung banggana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer
H. A. Cartobie,

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari; Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap.
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Delangoe Djokja
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet

SIK DJOEN KWAN

TOEKANG GIGI

Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami - lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat laleudeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,
SIK DJOEN KWAN
Sarimbit.


## IMPLIK-IMPLIK

### Kembang Sedepmalem.

(Moeng kanggo S. P. bae)
koe K. M.
Samboengan S.P. No. 46

Nanja deui bangoen panasaran, dina pikirna sok sageuj teu boeroe boeroe njampeurkeun oepama pareng aja mah, tapi naha atoeh salah tina djangdji. Harita nendjo erlodjina geus meh poekoel 10, bedoel! geuning geus peuting, hajoe atoeh Neng oerang ka koelon.

Tjeuk koering ge hajoe oerang balik bae, sakieu nja tiris teh!

Oelah poetoes harepan, tembal koesir. Tjeter tjeter, sora peutjoet dipadjoekeun ngarasa teu perloe hatong deui. Tjeter-tjeter, tapi sado dikeudorkeun. Tah geuning agan, kaleresan mangga gau, diilari ti sonten!

Ah, da ieu koering mah keur ngontrol lantera djeung di imah indoengna baroedak keur gering!

His eta agan mah, sok nampik milik nolak bagdja sakieu gedena, mangga bae samikeun sareng lajoeng sareng boelan oge abeukeun.

„Ah moal koering mah ka," tapi teu weleh ari panonna moereleng ka noe toempak mah, nepi ka poepoeroengkoetan semoe emboeng ditegcs-teges beungeut.

Mangga masing dibatre oge, boelan bae ieu mah. Omong kang koesir, teu tinggal ti seuri.

Ah, moal ajeuna mah ka, mangga bae ka noe sanes; djawab noe keur dienst bari njimboetan maneh deui koe mantelna.

Djadi rek tega bae agan teh? Nja teu sawios atoeh! Geleser sado dilaoenkeun. Pileuleujan atoeh gan! na jaktos bade tega?

Mangga bae ka, sanes teu itaeun, bari neroeskeun deui perdjalananana, Beu, sial bener ieuh, tjek hatena kang koesir, tapi ngaloearkeunana mah gagah bae. Taksiran aja pesta di lebet noe matak teu pati aja noe ting koelampreng teh, keun bae Neng oerang teroes bae ngidoel deui, keun moelih mah da tjaang boelan ieuh, abdi nanggel moal datangka disaoeran koe toeang iboe, bet naha epes meer teuing, kawas lain istri berboedi bae, kapan eneng teh . . . . Reg deui sadona eureun. Kosong tah? hajoe oerang ka Goenoeng pereng! Tjek hidji sepoeh diiring koe hidji gandek.

Mangga, moeng ieu dieusi . . . ta . . . . eun, nanging mangga bae, teu sawios, kadieu bae Neng tjalikna malik ka pajoen keun bae ngarendeng oge djeung abdi. Eneng meh teu ka wawa koe sebel make rek dibarengkeun djeung kolot, ngarasa dirina ajeuna mah asa hina dikitos-kitoekeun teuing mah, ras emoet ka ramana noe geus teu aja sakoemaha teuing teu raoseunana ningali poetra dipamakeun katjang garing dikelejerkeun ka oenggal sirah, ditatawarkeun. Ras deui geus tamaha sorangan bongan bareto daek, nja aja oge lemperna.

Loh, ko aja isine! Koemaha ieu teh, daekeun ka Iboe Koewoe? Kantenan kersaeunana mah mangga djoeragan! tembal koesir.

Eneng beuki katjida sebelna ngadenge ketjap daekeun.

Hajoe atoeh! Ko nangkene bae boeri.

(Aja samboenganana).

toer nadjan teu kitoe ge oerang teh perloe noeloeng ka noe kasoesahan, dina sataoen f 2. mah mokaha, da oerang ge dimana aja boeboek ripoeh tangtoe ditoeloeng koe batoer, lain ari ngarepkeun onaman kana tjilaka atawa ngarep-ngarep ditoeloeng, ieu mah asoep kana djakat oge, tekadkeun ka dinja bae. Tjek timbangan bapa asa hese kana teu moepakatna oepama eta pangadjak Langganan No. 9 diteroeskeun teh. Tangtoe koe Para pangoeroes SP. oge moal henteu kaakoeran, ngan kari nangtoekeun mimitina bae ti irata, da meureun koedoe-ditangtoekeun sarta anoe teu setia mah kana eta pamajaran tangtoe bae teu meunangna, mah kana eta soembangan.

Tjindexna bapa mah saanak-anak akoer kana eta pangadjak ti Palembang, meureun eta teh koe mantenna oge geus kamanah aja piboeaheunana. Ngan kari noenggoe anoe rek debatna bae, hajang njaho koemaha kabeuratna.

Bapa Saka.

## Pidato K. Regent Tjiandjoer, koetika memboeka Dewan Raad Kaboepaten Tjiandjoer tanggal 23 Januari 1926.

**Samboengan Sip. 46.**

Bertoeroet-toeroet minimbang pada dewasanja daerah diterbitkennja dan didjalankennja atoeran baroe itoe, daerah-daerah mana dibagainja atas Gewestelijke Raad dan Gemeente atau locale Raad sekalian dibrikennja kekoeasaan aken mengoeroes roemah tangganja sebagai terseboet diatas.

Lambat laoen terbitlah perasaan bahoea pendoedoek Negri pertama bangsa boemi poetra ingin terbawa tjampoer dalam perdamian atas peratoeran-peratoeran Negri.

Menilik agaknja djaman ini mengingat poela atas kemadjoean pengerti bangsa boemi poetra terdorong oleh kedjadian-kedjadian sekeliling tanah Hindia ini menjebabken bahoea peratoeran baroe ini tiada diajalken lagi.

Bermoela taoen 1922 dengan Staatsblad No. 206 pada artikel 67 Regerings Reglement diboeboehinja artikel 67a dimana terseboet bahoea daerah Hindia Nederland aken dibagi atas provincie dan laen-laen gewest, daerah mana menoeroet artikel 67c R.R. aken dipetjah poela, dalem daerah-daerah ketjil jang berdiri sendiri.

Pada taoen 1924 (Staatsblad No 79) dan taoen 1925 (Staatsblad No. 358) diterbitkennja peratoeran jang dinamaken Regentschapsordonnantie.

Sekarang perloe dinjataken poela bahoea tanah Pasoendan didjadiken satoe djadjahan besar jang dinamaken Provincie Pasoendan.

Provincie ini dibagi-bagi lagi didjadiken daerah jang ketjil dinamakennja daerah-daerah kaboepaten (regentschappen).

Adapoen maksoednja atoeran baroe ini, ialah:

A. Mendjalanken sekalian perentah Kangdjeng Gouvernement, soepaja segala maksoed perentah itoe ada boektinja:

B. Memboeat atoeran sendiri dan mendjalankennja atoeran itoe jang tertimbang perloe oleh dewan kaboepaten.

Maksoed Kangdjeng Gouvernement jang terpenting ini karena telah menimbang bahoea masing-masing djadjahan ketjil itoe (Regentschappen) mempoenjai kaperloean sendiri, dengan hal itoe maka djadjahan ketjil tadi dibri kelonggaran aken mengoeroes roemah tangganja sendiri, agar mendjadi aman dan sentosa.

Kaboepaten Tjiandjoer ini diperkenanken mendjadi soeatoe badan pemerentahan jang mengoeroes roemah tangganja sendiri dan telah ditetepken jang mendjadi lid-lid dewan kaboepaten Tjiandjoer ini menoeroet besluitnja Kangdjeng Toean Gouverneur Pasoendan tertanggal 13 October 1925 No. G 5/6/10 jaitoe:

1. Toean C. M. Perk
2. „ E. L. Siahaja
3. „ J. Bartels
4. „ F. A. F. Trebels
5. T. Tan Kiat Goan
6. „ Tjie Beng Poh
7. „ Rd. Martahadiprawira
8. „ Mas Prawiraatmadja
9. „ Rd. H. Taifoer
10. „ Rd. H. Moebarak
11. „ H. Mahmoed
12. „ Rd. H. Moehtar
13. „ Rd. Rg. Soemawinata
14. „ Toean Siswo
15. „ Rd. Rg. Wangsaatmadja
16. „ Rd. Soeriatmadja
17. „ Mas Atmadiredja
18. „ Rd. Djajaatmadja
19. „ Rd. Alibasah
20. „ Mas Ateng Alibasah
21. „ Rd. Martawisastra
22. „ Rd. Kartaprawira
23. „ Rd. Iorahim
24. „ Rd. Kd. Wirasondjaja
25. „ Mas Moehamad Sapei

Adapoen jang mendjadi voorzitternja ialah Regent. Bila halangan dipimpinnja vergadering oleh Patih.

Soenggoehpoen ini peratoeran baharoe datengnja dari Pamarentah Agoeng tetapi hal itoe pastilah terlahirnja dengan kehendak Toehan jang Maha Koeasa. Maka patoet sekali kita mengoetjap soekoer atas karoenia Toehan dan menerima dengan girang hati atas terlahirnja ini peratoeran pemerentahan dan atas nama rahajat mengoendjoek terima kasih pada pemerentah tinggi jang telah memperkenanken kepertjajaan jani sebesar ini dan membri kelonggaran mengoeroes roemah tangga sendiri kaboepaten Tjiandjoer ini, moedah-moedahan ini peratoeran bisa sampei kapada maksoednja.

Sebelomnja permoesawaratan panti aken dimoelai, maka saja ingin menerangken dahoeloe pendapatan saja sendiri kapada sekalian anggahota.

Maka dewan kaboepaten ini ialah sebagian dari pada dasar (fundament) pemerentahan djadjahan Hindia Belanda, saja oempamaken fundamentnja seboeah roemah; hendaklah sama rata koeatnja agar roemah tadi berdiri tegak. Begitoe djoega dengan adanja dewan kaboepaten ini hendaklah berdiri tegak dengan koeatnja.

Dewan ini ialah soeatoe badan pemerentahan jang ajah jang terdjadi dari pada sekalian Lid-lid dengan voorzitternja.

Marilah kita orang sekalian bekerdja bersama-sama dengan toeloes dan ichlas hati menjokong kaperloeannja Raad, melahirken pedapetannja sendiri sendiri jang sedjelas djelasnja tiada dengan pengaroeh siapa djoeapoen dengan memperendahken atoe ian keberesan, agar menimboelken boeahnja jang bergoena bagi sekalian rahajat dalam kaboepaten Tjiandjoer.

Pikoelan jang seberat ini niatjaja mendjadi ringan bila dip-ondak oleh kita beramai-ramai.

Sekarang saja mempersilahkan pada Toean Hoofd Panghoeloe membatja doenga bagai keslametannja rahajat kaboepaten Tjiandjoer.

— :o: —

Sekalian Toean-Toean jang berhadlir di sini.

Sebagai penoetoep pidatato ini, marilah kita bersama sama mendoenga kan atas kesehatan dan keslametan Sri Maha Ratoe Wilhelmina sekalian kaoem koelawarganja.

Saja mengharep soedilah kiranja aken bersoerak tiga kali.

Wassalam

## „Sadjarah sitoe Tjibonte"

Kisman ti dessa Balokang district Bandjar prantos doengkap, ka rorompak djisim koering, njarioskeun asalasalna pang aja sitoe Tjibonte noe ajana di wates dessa Balokeng sareng dessa Sitoehatoe, saha noe boga p kal njieun eta sitoe? 1 Kaom koena namina Bapa Kasinten noe awit boeboeara di Balokang sareng andjeunna noe djadi Loerah di dessa Balokang waktoe harita.

Naon perloena eta sitoe?

Bapa Kasinten ngagalih perloe bade moeka sawah, amoeng ka manah tinja pikeun pitjaieunana, nja njieun sitoe Tjibonte perloe pikeun piindoeeunnana Tjai, nja hasil maksadna pikeun sadessa Balokang mah. Roepina bae Bapa Kasinten ngagalih kana kaoetamian salira andjeunna bade ngadamel tapak, pikeun tjonto ka poetra poetoena.

Kagoengan manah eta sitoe Tjibonte hajang diagengan soepaja bisa noeloeng ka saurs dessa, nanging ka galih koe tanaga andjeunna moal pitjekapeun nja njoehoenkeun toeloeng ka pangagoeng tangtoe ka Kangdjeng Dalem Soekapoera, enggalna di katoelkeun, nja eta sitoe digedean kira-kira aja 35 baoe, sawah dessa sitoebatoe oge barita aja noe kalebetkeun djadi sitoe namoeng teu pertjoemah noe kagoengan di galeuh dina 1 baoe f 10.—

Samboengeun.

## EMBARAN.

Maparin terang, di kantoor Kaboepaten Tasikmalaja disajagikeun ka soegri noe hojong ningalian:

Ontwerp Reisverordeming goena leden Reg. Raad Tasikmalaja.

Ontwerp verordening perkara oeroesan desa.

Salinanana tiasa ngagaleuh.

Tsm. 1 Mei 1926.

Boep. Tsm.

(W. G.) Wiratanoeningrat.


**N. V. Handel Mij „Goena Perniagaan"**

Agentuur & Commissiehandel - Incaso & Administratiekantoor

**BANDOENG, Oude Kerkhofweg 34**

**Pandhuisstraat 33, GAROET.**

Kanggo sasih Siam njajagikeun roepi - roepi SOEROETOE.

Pangaosna MIRAH, oepama dibandingkeun kana raosna.

Oepami parantos njobian tangtos djadi ngalanggan.

Diantos pesenanana.



**TOKO**

**Universeel Agentschap**

# NIC MULLER

**TASIKMALAJA**

**Goenoengladoe No. 15**

Telefoon No. 26.

Sagala roepa obat-obat Patent sareng Chemicalien.

Tjelep (sipoehan sindjang).

Landong roepi roepi sapertos:

Landong njeri bool

Landong soepados tiasa koelem

Pil koeras manis

Landong panas anggoeun moerangkalih

Landong intjok

Saboen anggoeun kasawat koelit

Landong noe 'embek salira soepados djagdjag

Landong gohgoj sareng mengi

Zalep boelao koneng sareng bodas

Kompa pinareup

Wedak roepi roepi

Pel njenjepan

Landong njeri kahampangan

Castor olie noe diboengkoes

Creoline, Karbol

Kompa istri

Landong njeri beuteung tadjam

Oebar kokoloteun

Landong angkeng

Kain karet No. I.

Landong kiat ka . . . ?

Landong kakiatan moerangkalih soepados montok

Limoen pergasi

Landong paranti moeragkeun boeloe kelek

Oebar raheut

Oebar paranti dikoeramas

Oebar toembila

Landong kakiatan salira

Perban perbanan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kaju roepi roepi warni.

Modiel, moerah, aloes.

Poendoet bae prijscourant (boekoe pangaos) kenging pere.

Sadaja barang kenging pesen rembours. Mangga tingali koe andjeun ka toko.

Noe ngantos

40 **Nic Muller.**



# Boekoe Aoseun

Anggoeua djoeragan istri sajagi.

„ „ pameget seueur.

„ „ sepoeh ngaboegbroeg

„ „ anom njondong.

Henteu sesah nanggap wajang

moal kantos noongton bioscoop

henteu kedah djaoeh-djaoeh goegoeroe

moal kantos nanggap pantoen atawa ogel.

SEWAEUN sareng GALEUHEUN

BOEKOENA DISAJAGIKEUN

Geura mangga noemping ka Bibliotheek „Sinar-Kamadjoean" di Pasar kolot Tasikmalaja.

Radjana boekoe tjarios „Noenggoel pinang" pangramena diaosna matak senang tinimbang djeung nanggap bonang matak bidjil hawa napsoe anoe kareunang.

Bentangna wawatjan boekoe „Poernama Alam" ramena moal mendak nadjan sacemi alam dangdingna loetjoe beres ngarakitkeun kalam ngandoeng elmoe aoseun sadoenja Islam.

Aja deui boekoe tjarios Aboenawas eusina bab akal kapinteran landong noe was-was matak begar mangga manahan slog awas oepami kapaham moal keuna koe kareuwas.

Kitoe deui tjarios „Loetoeng kasaroeng" mangga aos, tinimbang loemanloeng di loeloeroeng bilih datang napsoe anoe agadjoeroeng hese ditahan moen napsoe enggeus ngabeneng.

Lamoen istri noeroetan lampah GENOVEVA matak kenging elmoe sami sareng tatapa alah batan papatah ti indoeng bapa matak reug-reug alah batan lega kebon kalapa.



**L. S.**

Sareng ieu sim koering ngawartoskeun ka Para Langganan sadaja, jen toko sim koering bade dipindahkeun ka Bandoeng.

Ajeuna barang-barangna bade diitjalkeun heula sadajana, nja eta ditoeroenkeun pangaosna, anoe sapalih dipotong 10%, sapalih deui 20%

Oepami Para Djoeragan bade ngagaleuh mirah pisan, mangga enggal soemping ka toko, bilih kaboeroe seepeun.

Hoermat simkoering

Toko boekoe

L. A. LEZER

Tasikmalaja.



**TEGEL FABRIEK „NAJA"**

**Djalan Pasar - Tjieunteung**

**TASIKMALAJA.**

Sajagi roepa-roepa tegels.

Pangaos ditanggel ngabingahkeun. Tjonto-tjonto dikintoen pertjoemah (gratis)

Mangga tjarobian.

Hormatna noe ngantos-ngantos.



**TOKO BOEKOE**

# M. I. PRAWIRA WINATA.

**Katja-Katja WETAN 182 BANDOENG.**

ENGGAL POENDOET SALABARAN

## Wawatjan Sadjarah Ambia.

Hidji boekoe (kitab) anoe kedah dipoesti poesti koe sadaja Kaom Moeslimin anoe iman ka Pangeran. Eusina njarioskeun ti ngawitan Goesti Allah ngadamel: Noer Moehamad, Hidjaboel rohman, Djohar Awal, Sawarga, Malaikat, Widadari, Arss, Koersi, Lohmahfoed, Loh kalam. Sadjaratoelmoentaha, Lakalhamdoe. Naraka, Alam laoet, Angin Toedjoeh lapis langit, Boemi ping pitoe, Dingdingdjalal, Boelan, Bentang, Srangenge, Bangsa Djan, Iboeedjan, Malaikat Idadjil Tapel Adam, Nabi Adam, enz. enz. toetoeg doemoegi ka poepoesna panoetan oerang Kangdjeng Nabi Moehammad s. a. w.

Oepami parantos maos salabaranana kantoen ngamanah-manah.

KOOPT EN VERKOOPT TWEEDEHANDSCH BOEKEN.

Moderne talen. Werken op elke gebied.

Boekenlijsten gratis.



**TAN HOEN AUW**

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Katoeangan - katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna karawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoe mawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dioeroesana koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

11 **TAN HOEN AUW**

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.



# Toko SOENDA

**TASIKMALAJA.**

Telefoon No. 56

Ngawitan dina ping 20 Maart prantos disajagikeun roepi roepi sepatoe, slop sandel, troempah, anoe didamel tina Crepe rubber, oepami anoe tebih kenging pesen koe serat asal disebat nomerna, doepi kakiatanana teu kantos dipoedji deui, margi parantos pada oeninga.



**ENGGAL NGAGALEUH**

**„Wawatjan Wajang Poerwa"** sae eusina, sae basana, sae dangdingna seueurna 1019 pada, pangaosna moeng **f 1,25.** Oentoengna tina ieu boekoe anggoeun **Schoolfonds H. I. S. Pasoendan** Tasikmalaja.